ISSN 0207-6551

# Нур

8

2017



# НУРыр илъэс 35 ирокъу

ФӀыуэ слъагъу си журнал " НУР"! Сынохъуэхъуну икъукӀэ си гуапэщ. Уэ мы гъэм илъэс 35 урокъу. Сэ ин сыхъунущ,"Нурыр" къыздэӀэпыкъуурэ адыгэбзэр зэзгъэщӀэнущ седжэфу, сытхэфу, срипсэлъэфу.

Уэ, ди НУР, утелъыджэщ, ухьэлэмэтщ, адыгэ сабийхэм фӀыуэ удолъагъу. Тхьэм уригъэфӀакӀуэ!

***ЖАНОК (Борсэ) Имдат,***
Дюссельдорф къ.

Уи гур жану, уи лъэр псынщӀэу,
НыбжьэгъуфӀхэм уащымыщӀэу,
Ягъэдахэу адыгэбзэр
Къыттебгъапсэу уи нур бзийхэр,
**«НУР»** журналу ди псэм хуэдэ,
Тхуэузыншэ илъэс куэдкӀэ.

***ДЗЭМЫХЬ Алёнэ,***
Налшык къ.

**«НУР»** журналыр си ныбжьэгъущ,
Ар сыт щыгъуи си Ӏэпэгъущ:
КъысхуиӀуатэу и гухэлъ,
Си стӀолыщхьэм куэду телъщ.
Ди Хэку тхыдэр къызоджыкӀ,
Псысэ дахэм сыхэмыкӀ,
Усэ цӀыкӀухэр сигу пымыкӀ…
Арщи, дызэкӀэрымыкӀ.
СегъэӀущыр, сеущий,
ФӀыр, щӀэныгъэр къысхуеший,
СигъэцӀыхуу Щӏы хъурейр,
Схуегъэнэхур мы дунейр.

***ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ,***
*усакӀуэ*

## УИ НУРЫР КЪЫТТОПСЭ

Ди сабиигъуэр зыгъэбжьыфӀэ
Журналым цӀыкӀухэр дегъэгуфӀэ.
Хъыбарыжь дахэ, усэ Ӏэджэ,
Псысэ щӀэщыгъуэ дрегъаджэ.

Дагъэгупсысэ и къуажэхьхэм,
ДызыӀэпашэ и таурыхъхэм.
Ар тщӀыгъущи цӀыкӀухэм ныбжьэгъу пэжу,
Къыдет сыт щыгъуи гукъыдэжыр.

«Нур», уи зэфӀэкӀым хэбгъэхъуэну,
Мазэ къэсыху укъытхуэкӀуэну!
Ди зэхэщӀыкӀым хэбгъэхъуэну!
Сохъуахъуэ куэдрэ удиӀэну!

***ЖЫКЪУЭ Марьям,***
Сэрмакъ къуу.

## НУР

Уэ таурыхъхэм догъэдаӀуэ,
Уэ къыджоӀэ псыси,
ГъэщӀэгъуэну уогушыӀэ,
Дыкъоғъаджэ уси.
КъэщӀэрейхэр дыноупщӀу
ЦӀыкӀухэр дызэхуосыр –
Уи жэуапхэр псори Ӏупщӏу
Ди деж къыбохьэсыр.
Дыкъотэджыр насыпыфӀэу,
ФӀыхэм дыхуебгъасэу,
Дыбогъащӏэр нобэ пфӀэфӀу
ДымыщӀар дыгъуасэ.
Утхуолажьэр дахэу щӀэблэм,
Ар дэ зэхыдощӀэр.
«Нурыр» куэдрэ уэ къытхуеблэ,
УкъытхуэгумащӀэу.

***ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин,***
*тхакӀуэ*



*ЩОДЖЭН Леонид*

# КIЭПХЪХЭР

*Рассказ*

Ахьмэд куэд щIауэ Налшык щыпсэурт. Къалэм пэмыжыжьэу щIы тIэкIу щиIэти, пенсым зэрыкIуэрэ, дихьэхауэ, абы илэжьыхьырт. А хадэм и къуэрылъху Идар цIыкIуи зэзэмызэ щигъэджэгуну, и нэгу зыщригъэужьыну здишэрт. Идар и дунейт: чышым тесу хадэр къызэхижыхьынт, щIыунэм нэсынти абы щIэлъыр зэригъэдзэкIынт – Iэмал имыIэу псори зэригъэщIэн хуейт.

Зэгуэрым Идар, и чышым тесу пкIэунэ пкIэлъейм бгъэдэлъэдащ:

– Дыр-р!.. УдэмыкIуеифыну ара?– жери къикIуэтыжщ, чышым еуэри, дэжеящ. ПкIэунэм джэдыгужь гуэр фIэдзат. Еплъмэ – джэдыгу жыпыр мэхъей. Идар къащтэщ, пкIэунэм къежэхыжщ, хадэм ит адэшхуэм бгъэдэлъадэри еIущэщащ:

– Дадэ, жыпыр мэхъей!..

– Сыт жып?

– Джэдыгу жыпыр. НакIуэт... – Дадэ джэдыгум йоплъри зыри хъейуэ илъагъуркъым. Нэхъ гъунэгъуу щыбгъэдыхьэм, жыпым кIэпхъ шыр цIыкIу зэуэ къолъри – макIуэ-мэлъей!

– Дадэ, жыпыр аргуэру мэхъей...

Дадэ жыпым йоIэбэри – уэ-е-ей! – кIэпхъ шыр цIыкIуитI кърех.

– КIуэт, Идар, пкIэлъейм деж щыт матэр къэхьыт.

Дадэ Идар къихьа матэм кIэпхъ шыритIыр ирегъэтIысхьэри и щхьэр трепIэж.

– Мыбыхэм я анэр къэкIуэжмэ, зэхуэдгъэзэжынщ, – жеIэ. Дадэ кIэпхъхэм щIакхъуэ бзыгъэ матэм яхурелъхьэ.

Пэплъахэ щхьэкIэ, кIэпхъ анэми, джэдыгу жыпым къилъу щIэпхъуэжа адрей шырми къамыгъэзэжурэ пщыхьэщхьэ мэхъу. КIэпхъ цIыкIуитIыр хуралъхьа щIакхъуэм еIусакъым. «Мыбыхэм я анэм шхын къахуихьу къэмыкIуэжмэ, мэжэлIэнухэщ. Мыбдеж къыщыбни хъунукъым, пщэдей къэтхьыжынщ»,– жиIэри, Идар цIыкIуи и гуапэ дыдэу, дадэ кIэпхъ шыритIыр унэм здихьащ.

Унагъуэм исхэр абы ирипсэлъащ: «ЦIыхуIэ зэIуса кIэпхъ шырхэр анэм имыщтэжу жаIэ. ФеIусэн хуеякъым. ПхьыжынкIи Iэмал иIэкъым, кIуэдынухэщ». Идар: «Мы дахэ цIыкIуитIыр дэ дывгъэпI», – жиIэу лъэIуами, къыхуадакъым. ИкIэм-икIэжым, шыпхъу нэхъыжь ФатIимэ жиIам псори арэзы техъуэри, шырхэр я еджапIэм яхьащ.

Иджы кIэпхъ шыритIыр, еджакIуэ цIыкIухэр ягъэгуфIэу, ин хъуахэу, юннат плIанэпэм щопсэу. Идар цIыкIуи, зы илъэс дэкIмэ, а еджапIэ дыдэм кIуэнущи, сытым хуэдэу гушхуэу и кIэпхъхэм яхуэзэжыну!

*ЦIыкIухэ, псэущхьэхэр щыпсэууэ юннат плIанэпэ фэри еджапIэхэм щывиIэ?*




СУТЕЕВ Владимир

# Джэду щIыкIей

1

Динэ сурэтыщIыр
Дихьэхауэ малэ.
Джэду зэраныщIэр
Йоплъри: – Сыт,– жи,– пцIалэр?



2

– Уи унэ сурэтыр
СощIыр, и щхьэр Iуащхьэу.
Еплъи, жыIэ къэтыр,
Мис бжэ, блын, унащхьэ.



3

Уи уэнжакъыр бгъуфIэщ.
– Сыт абы есщIэнур?
– Хьэкумкlэ упщафIэм,
Iугъуэ кърихунущ.





4

– Дэнщыlэ щхьэгъубжэ
Сыкъызыдэлъынур?
– Мыхэр уи щхьэгъубжэщ,
ПлIы мэхъу. Урикъуну?!



5

– Дэнэ къыщыскlухьу
Зыщытезгъэунур?
– Мисри. Къызохухьыр
ПщIантIэр. Удэхуэну?



6

Мыр жыг хадэ хъунущ...
– Зыри къыщымыкlыу!
Сэ сыдэлъеину
Зы жыг цIыкlу имыту!



7

– Мыр кхъужьейщ. Мыр хьэсэщ –
Пхъы, кIэртIоф къыщыкIыу.
– Пхъыи-и-и?! Сэ сыщакIуэщ,
Джэджьей, бзу, сещакIуэу!



8

– Къаз, бзу, джэд, адакъэ,
Мис джэджьей цIыкIуищыр.
Къопс дыгъэ къэракъэ,
– Нарым-нау, кIуркIур-гъуррр…



9

...Мы си унэ къуапэм
Дзыгъуэжь цIыкIу кIэщIэскъэ?
– Уни, уи бжыхь лъапи
Дзыгъуэ кIэщIэмыс-тIэ.

10

– Си унэ дахащэр
Хэт схуэзыхъумэнур?!
– Мы унэ хъумакIуэм
Уэри уихъумэнущ.



11

12

КIущэм абы щIэсыр
ЗанщIэу къыцIыхуауэ,
Лъапэкlэ зрисэщ,
Щтэри, къэпщIэуауэ:

– СфIэфIкъым мы уи унэр!
Щыпсэуж, ууейм! – жи.
Уи хьэ кIэ баринэм
Уихъумэнщ, ухуейм! – жи.

ПащIэр игъэпIийри
И тхыр къыдишати,
Динэ сурэтыщIри
Емыубзэжа-тIэ.



Тхыгъэр усэбзэу зэзыдзэкIар
***АБРОКЪУЭ Беллэщ***

# НАНЭ

***ШЭРИЙ Маринэ** и къуэрылъху Дыщэ гущэм хипхауэ, гущэкъу уэрэдкIэ щIигъэхъаeт. КъеплъIауэ къыфIэщIри зыкъигъэзащ. И къуэр къэдаIуэу бжэм деж щытт.*

*– Сыт, си щIалэ? – щеупщIым, Олег жэуапу къитащ:*

*– Мы уэрэд дыдэр сэ къызжепIэу зэрыщытам куэд си нэгу щIигъэкIыжащ, сыкъызэфIигъэнащ. Сыту къару!*

*Хьэмокъуэ Олег республикэм къыщацIыхуа режиссёрщ. Абы и гущэкъу уэрэдыр иджы нанэ зыжриIэ и къуэрылъху Дыщэ хэт хъуну пIэрэ?..*

## ГУЩЭКЪУ УЭРЭД

Дыгъэ шырыр езэшащ,
Жеижыну гъуэлъыжащ.
Жей, си дахэ, IэфIу жей,
Сэ си дыщэ, хуиту жей.

Мазэм хуэдэщ уэ уи нэгур,
Вагъуэм хуэдэщ уи нэ цIыкIур.
Жей, си дахэ, IэфIу жей,
Дыщэ щIыIур хуиту жей.

Ухэмыщту, жей, си гуащэ, (си щауэ)
ЩIызоупскIэ сэ уи гущэ.
Жей, уэ, си псэр зэзгъэшхын,
Укъэушмэ, узгъэшхэнщ.





***ХЬЭМОКЪУЭ Дыщэ***

## СИ ДЫЩЭ

Сэ си Дыщэ къэушауэ
Къысхуещ I и нэр щэтегъауэ.
Жейбащхъуэнэурэ къызоплъ,
Нэбжьыц кIырхэм къысхущIоплъ.

ПогуфIыкIри, нэIурыту,
Зыкъызедзыр асыхьэту.
«Нанэ!» – жиIэу ба къысхуещI,
И IэпIохуэр къысхуеущI.

Сщыгъ-скIэрылъхэр зэпеплъыхь,
Iэлъын, тхьэгъухэм тоIэбыхь.
«Мыр ууей?» – щIыжиIэр сощIэ:
Зэрехъуапсэр къызегъащIэ.

Илъэсищым ит къудейми,
«Хъыджэбзщ», тIэкIу хуэцIыкIужьейми,
Дыгъэ-щыгъэу си нэху цIыкIу,
ЗыкIи пхуэсщIыркъым емыкIу!

Дыщэ щIыIуу – дыщэ кIанэ,
КъыпхуищIынкъэ тыгъэ нанэ!
Моуэ зэ къыдэкIуэтей,
Налкъут щыгъэу си дуней.



КӀыщхэ Мухьэдинрэ Жаклинрэ



# Уэгу хъыринэ

**Дыгъэпс лъэдийхэр уэгу хъыринэ**
**Зэм ирегъащӀэ сурэтыщӀ,**
**Зэм сэхураныщхьэ щхьэ Баринэ**
**Жьыбгъэ Ӏэдийкӏэ еутхыпщӀ...**

СурэтыщӀ щхьэхуитщ КӀыщ Мухьэдин, гушхуащ.

Дыгъэри, жьыри, псыри, гъэгъари, уэгурыт бзури, щӀылъэрызекӀуэ псэущхьэри зи сурэтхэм щызэблэкӀ а сурэтыщӀым плъыфэ зи куэд дунейм псэкӀэ сурэт трихыу мэпсэу. ЩрокӀукӀ, къэрал гъунапкъэхэри зыхимыщӀэу, гъащӀэм хэлъ гугъуехьхэми ямылъахъэу, и гум къыжриӀэр и Ӏэпэхэм къагъэщӀу. И насыпкъэ! ЩӀехъулӀари аращ.

Къэрал куэдым щыцӀэрыӀуэ музейхэм, пащтыхь унагъуэхэм я сурэт хъумапӀэхэм абы и лэжьыгъэ куэд щӀэлъщ. Псапэ Ӏуэху елэжь, зэфӀэкӀ зиӀэ адыгэ сабийхэм и псэр лъэгущӀыхь яхуищӀу ядэӀэпыкъунущ. Нэхъыщхьэжыращи, Мухьэдин лъапӀагъэ ихъумащ, сабиинэкӀэ дунейм йоплъ!

СурэтыщӀ цӀыкӀухэ! КӀыщ Мухьэдин щапхъэ тефх. Фэ дунейм и дахагъэр фолъагъу, абы и къэгъэщӀыгъэхэр ффӀэхьэлэмэтщи, гушхуауэ сурэт фщӀы, нэм илъагъур фи гум къызэрищтэм хуэдэу. Фызэлэжьар фигу ирихьыжу фщӀымэ, цӀыхухэми ягу дыхьэнущ.

***А. Б.***





# Къэкlыгъэхэр зыдогъэцlыху

1. Бжьыхьэкъыцэ, шэфтал
2. Хуэрэджэ
3. Мэжджытжыг
4. Къуэнтхъурей
5. Вагъуэплъ гъавэ, ху
6. Адыгэкъуэн
7. Бжьынхужь, бжьынзэгуэж
8. Жэгундэ, гыныплъ
9. Щхъырыбей
10. Iэпэзэкъуэт
11. МэракIуапцIэ
12. Нары
13. МэракIуэIэрысэ, мэракIуэтумэ
14. ТIамыгъуэ
15. Къэтхъэнсолыкъу, къансолыкъу
16. Дыгъэгъазэ, сэхуран
17. Гуузджэш
18. Тхъуий
19. ХьэпцIий
20. ЦIыхуIейгын, щIалэудз
21. Епэр
22. Мыщэхупщей
23. Мамкъут, мамкъутIэрысэ
24. ГубгъуэIущхьэ





## УРЫСЫБЗЭКІЭ

1. персик
2. абрикос
3. сирень
4. укроп
5. просо
6. кинза
7. лук репчатый
8. свекла столовая
9. крыжовник
10. банан
11. ежевика
12. гранат
13. клубника
14. лимон
15. барбарис
16. подсолнух
17. горох
18. гречиха
19. рожь
20. валериана
21. фиалка
22. рябина
23. малина
24. мак полевой

# ГЪЭЩIЭГЪУЭНЩ ДОХУТЫРХЭМ ГУ ЗЫЛЪАТАР

### САНЭПЛЪ, ЖЫЗУМ

Санэплъ Iэрамэм феплъыт. Гум ещхькъэ? АтIэ абы и санэплъхэри – гум зэригъакIуэ лъым и зэхэлъыкIэм (клеткэхэм) хуэдэщ. Жызум куэду фшхымэ, фи лъыр фIыуэ зекIуэнурэ гууз фщIэнукъым. Нэхъ сэбэпыр санэ фIыцIэхэрщ.



### ДЭ

Iыхьитlу зэгуэту, дэр щхьэ куцIым и теплъэм ещхьщ. АтIэ сытым хуэдэу фIыуэ абы щхьэр игъэлажьэ фи гугъэрэ! Гурыхуэ уещI. Махуэ къэс я нэхъ мащIэу дитху фшхымэ, фIыуэ феджэнущ.



### ПХЪЫ

Пхъым зы Iыхьэ къыпывупщIи феплъыт. Нэм нэкугъуэ ис хуэдэщ, пэжкъэ? АтIэ ар зыкIэ нэм и сэбэпщи! Фэ телефоным зэпымыууэ фоплъри, нэ жан фыхуейщ. Пхъы куэду фшхы!



### ДЖЭШ

Джэшыр зэщхьыр, дауи, жьэжьейрщ (почки). Ар тэмэму лэжьэнымкIэ джэшыр хущхъуэгъуэфIщ, зышхыну зыфIэфIхэм я жьэжьейм мывэ хищIэнукъым. Ари зэи зыщывмыгъэгъупщэ!



### БЖЬЫН

ТIууэ зэгуэвгъэжи феплъыт бжьыным. ЗэтеупIэщIыкI кусэурэ зэтелъщ. АтIэ ар зэщхьыр Iэпкълъэпкъым и клеткэ зэпымыууэ къэщIэрэщIэжхэрщ. Мис а «лэжьыгъэр» щекIуэкIкIэ бжьынри сэбэпышхуэ мэхъу: фи фэр дахэу, лъыр къабзэу, сымаджи, жьыи фымыхъуу фихъумэнущ.



### ТIАМЫ, ТIАМЫГЪУЭ

Ахэр кудым яфIэфIу яшх, ауэ зэмызэгъри куэдщ. Феплъыт анэбгъэм ар зэрещхьым. Тlамыр зэгуэбгъэжами абы ещхьщ: дахэщ. Уз Iейр бгъэм хуэлъэщи, цитрус лIэужьыгъуэхэр абыкIэ хущхъуэщ. Къэуату щIэлъыр-щэ! Зэпымыууэ фшхы.



### БЭДРЭЖАН

Ар хъурейуи, зэгуэгъэжауи гум ещхьщ. Плъыжьщ, зэхуаку иIэу плIанэщ. Бэдрэжаным гур фIыуэ егъэлажьэ, ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, ар псоуэ пшхы нэхърэ, пIытIауэ и псыр нэхъ сэбэпщ.



### ЩIЫГЪЫНЫХУ (сельдерей)

И къуэпсыр къупщхьэм зэрещхьым хуэдэ дыдэу, къупщхьэр къущ, къутэгъуафIэ мыхъунымкIэ щIыгъыныхур сэбэпышхуэщ. Махуэм тIу-щы фшхы.



# И мащIэр хущхъуэщи, и куэдыр щхъухьщ... Жып телефоным

Телефоным сытым хуэдэу увыпIэшхуэ щиубыда ди гъащIэм! Зэману тедгъэкIуадэр-щэ! Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, балигъхэм абы и зэраныгъэу къыдэкIыр зырикIщ, фэ, зи зыужьыгъуэ сабийхэм къывищIэм еплъыытмэ. Фысакъ!!!

## Сэбэпынагъыу иIэр:

1. Допсалъэ; 2. Дызэхуотхэ; 3. Пщэдджыжькlэ дыкъегъэуш; 4. Махуэгъэпсым, сыхьэт бжыгъэм доплъ; 5. Сурэт,видео тыдох, диктофонкlэ псалъэмакъ дотх; 6. Есэп дощl, долажьэ; 7. Радио додаlуэ; 8. Доджэгу; 9. Интернетым и дуней щхъуэкlэплъыкlэм дыхохьэ...

**Жып телефоным малъхъэдис толъкъуну (магнитные волны) къыпкърыкlым узыншагъэм зэраныгъэу къыхуихьыр дотх:**



1. Щхьэ уз; 2. Нэ уз; 3. Тхьэкlумэ уз (узыфэ lейхэм хуэкlуэжу); 4. Тхьэкlумэжьажьэ (тхьэкlумэlулъхьэкlэ едэlуэрейхэм); 5. Щыгъупщэх; 6. Жейхуэлlэ (махуэкlэ); 7. Жэщмыжей (жэщкlэ), псантхуэр (нервыр) и пlэ ирехуу; 8. Акъыл жаным къыжраlэр хуэмыгъэзахуэу дыгуэмыжьэ ещl; 9. Лъынтхуэмрэ давленэмрэ и пlэ ирехуу; 10. Тэмакъкlэщl.

Телефоным къыпкърыкl малъхъэдис толъкъунхэр зэранышхуэ зыхуэхъур щхьэращ. Узыфэ lей (лышхыр) щlалэгъуалэм я щхьэм нэхъ еуалlэ зэрыхъуам дохутырхэр егъэгузавэ.

## Дохутырым и чэнджэщхэр:

1. Махуэм дакъикъитху-пщыкlутху нэхъыбэрэ телефонкlэ фымыпсалъэ.
2. Тхьэкlумэlулъхьэхэр къэвгъэсэбэп. Телефоныр къыщеуэкlэ малъхъэдис толъкъунхэр куэдыщэ мэхъури, ар тхьэкlумэм lуплъхьэ хъунукъым!
3. Iэпкълъэпкъым пкърылъу, пщэм илъу къевмыхьэкl (зыщlыпlэ щыфlыгъ).
4. Жэщкlэ къывбгъурылъу, е фи щхьэнтэ кlэщlэлъу фымыжей.
5. Токым пыдзауэ жэщым къывбгъурылъу къэвмыгъанэ!!!
6. Тхьэкlумэlулъхьэр фlулъу фымыжей, ар токым пыдзауэ фыlурихынкlэ lэмал иlэкъым!!!
7. Тхьэкlумэlулъхьэр фlулъу машинэ гъуэгу фытехьи, гъуэгур зэпывупщlи хъунукъым!!!
8. Фыпсалъэурэ, телефоныр къэплъамэ, фысакъ!
9. Куэдыщэрэ ар къэвгъэсэбэпмэ, узыфэ къыхэкlхэм имызакъуэу, ар сабий псантхуэ (нерв) системэм апхуэдизкlэ зэран хуохъури, фи зыужьыныгъэми гурыхуагъэми кlэрыхунущ.

Зыгъэхьэзырар

**УЭЛДЖЫР Аринэщ**



# ЯТӀЭГЪУЭПЛЪЫР ДОГЪЭӀЭКӀУЭЛЪАКӀУЭ

Ди щӀыпӀэм щыкуэдщ мывэ (*къурш мывалъэ, псыхъуэхэм)*, пхъэ (*мэзым)*, сэху (*бгыхухэм*), ятӀэ (*гуэл лъащӀэ, псыпцӀэхэм*), къамыл ( *псыпцӀэхэм*), – я дэтхэнэми ӀэщӀагъэ къагъэщӀрэ ди гъащӀэми мыхьэнэшхуэ щаӀэу.

– ЯтӀэм сыт хуэдэ ӀэщӀагъэ къигъэщӀыр?– жыфӀэнщ зымыщӀэхэм.

ЯтӀэр(*глина*) лӀэужьыгъуэ зыбжанэу егуэш, и плъыфэ, зэхэлъыкӀэ елъытауэ. ЯтӀагъуэр (*желтая глина*) ди щӀыпӀэм апхуэдизкӀэ щыкуэдщи, нэхъ пасэхэм, мо шхэпсым хуэдэ ятӀэ бдзантхьэм шууэ къалащхьэм къакӀуэхэм я налыр щичырт. Аращ «Налщыч»-р къызытехъукӀар. «Вакъэ бдзантхьэ», «бдзантхьэ къатыр» псалъэхэр бзэм къыхыхьащ, ухуэныгъэкӀэ къагъэсэбэп клейми «бдзантхьэ» фӀащащ. АтӀэ, ятӀэм сыт къыхащӀыкӀрэ?

«ЯтӀэ унэ, ятӀэ лъэгу

СызыщӀапӀыкӀам»… – усакӀуэм щыжиӀэкӀэ (*Хь. Дж.*), абы и сабиигъуэм хэлъа ӀэфӀыр зыдилъагъур къыбгуроӀуэ. АтӀэ, ятӀэ унэр – сэманкӀэ (*ятӀэ чырбыш гъэжакӀэ*) дэщӀеящ, и блыни и лъэгуи ятӀагъуэкӀэ къиикӀыжарэ, бгъэныщхьэ телъыжу, сэху гъэса (*известь*) и гупи и щӀыби кьетыжауэ. ЯтӀэр апхуэдизкӀэ ӀэтӀэлъатӀэщи, сытри къыхэпщӀыкӀ хъунущ. ЯтӀэгъуэплъым (*кхъуэщыныщӀхэм къагъэсэбэп ятӀэ плъыжь-морафэм*) ирилажьэ **ХЬЭЦӀЫКӀУ Миланэ** журналым и хьэщӀэщ:

– «Нурым» еджэ цӀыкӀухэ! Фэ фи ӀэкӀэ фщӀыжа хьэпшып фриджэгуну, сабиигъуэ фэеплъу зефхьэну, е хьэкъущыкъу фщӀыуэ фришхэну Ӏэмал къывэзытыфыну щыӀэр ятӀэгъуэплъырщ. А ятӀэ лӀэужьыгъуэр гъэкъэбзауэ, къызэрывгъэсэбэпыным хуэхьэзыру тыкуэнхэм щащэ. ЩӀым къыхэкӀащ ятӀэр, химие хэлъкъыми, ятӀэгъуэплъ хьэкъущыкъум уришхэну узыншагъэмкӀэ сэбэпышхуэщ; иризепхьэ ерыскъыр щӀэх зэӀыхьэркъым, хуабэри щӀыӀэри иӀыгъщ. Ауэ, ар быдэ хъун папщӀэ, ятӀэ гъэжар бгъэжьэн хуейщ. Ари сытым хуэдэу хьэлэмэт!









## ДРИШХЭНУ ЛОШКӀЭ ДОЩӀ

Ятӏэ ӏэгупӏэ хуэдиз къыдощтэри, тыкъыр кӏыхьу ӏэгукӏэ доху, ӏушэнашэ мыхъуу, тетлъащӏэу *(сур. 1)*. Щхьэр нэхъ тыкъыру, и кӏэмкӏэ нэхъ псыгъуэу къыхыдогъэкӏ, лошкӏэшхуэ дыхуеймэ *(сур. 2)*. А тхуар зы ӏэгум илъу адрей ӏэпхъуамбэшхуэмкӏэ ятӏэр хыдоупӏащӏэ *(сур. 3)*. Щхьэр къыхыдогъэкӏ ӏэпэкӏэ дупӏэщӏурэ *(сур. 4)*. Зэгуэч хуэдэу къытщыхъумэ, тетлъащӏэурэ щхьэм дызыхуей гъумагъ, куугъ идот *(сур. 5)*. Сакъыпэу и кӏыр хыдош; къэдгъэшыну иужь дихьэмэ, къутэнкӏэ хъунущ *(сур. 6)*. Ятӏэр гъущэ хъумэ, псы тӏэкӏу лъыдогъэӏэс, ауэ куэд теткӏэмэ, зэпкърыхункӏэ хъунущ. Джафэ дахэу тыдолъащӏэ, щхьэми кӏыми дрокӏуэжри, ди лошкӏэр хьэзырщ *(сур. 7)*.












# «ШЭРДЖЭС ДУНЕЙ» республикэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэр



**СЭХЪУРОКЪУЭ** ***Ларьянэ,*** Дохъушыкъуей курыт еджапIэ № 2; 3-нэ классыр къиухащ.



**ИУАН** ***Изабеллэ,*** Дохъушыкъуей курыт еджапIэ № 2; 3-нэ классыр къиухащ.

Теплъэгъуэ гъэлъэгъуэнымкIэ япэ увыпIэр зэдагуэшащ Ларьянэрэ Изабеллэрэ.



**ПЩЫНОКЪУЭ** ***Албэч,*** Дохъушыкъуей курыт еджапIэ № 2; 3-нэ классыр къиухащ. Нало Заур и балладэ «Щыху напэм» къытращIыкIа теплъэгъуэмкIэ япэ увыпIэ къихьащ.



**БОРЫКЪУЕЙ** ***Ислъам,*** Нарткъалэ курыт еджапIэ № 6; 1 классыр къиухащ. Усэ къеджэнымкIэ япэ увыпIэ къихьащ.

# КЪЭЩІЭРЕЙ

**1** Къазу 7! КЪАЗ псалъэр зи тегъэщ1ап1э псалъибл таблицэм ифтхэж.



**2** Псалъэ зэхэлъхэр зэратхыр фигу къэвгъэкІыж. Ахэр зэрыт зэпэплІимэхэр плъыжьу влэ. Абыхэм яхуэмыкІуэ псалъэ хэтмэ, къыхэфтхыкІ, и мыхьэнэр къафщІэ.

______________________________________

______________________________________

______________________________________

______________________________________

______________________________________

______________________________________

**3** Зэпэпл1имэхэм ит пычыгъуэхэр зи тегъэщ1ап1э псалъэ пл1ырыпл1 таблицэм ек1уэк1ыу ифтхэ.

| | | | |
|---|---|---|---|
| дз | э | | |
| | | дз | э |
| | | дз | э |
| | | дз | э |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ш | ы | | | |
| ш | ы | | | |
| | ш | ы | | |
| | ш | ы | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | р | ы | | | |
| | | р | ы | | |
| | | р | ы | | |
| | | | р | ы | |

**4** Ещанэ лэжьыгъэм ит пычыгъуэхэр зэблэвгъэзэувык1ыж, КЪАЗ псалъэр абыхэм гъусэ яхуэфщ1ыж, къэхъуа псалъэр мыбдеж ифтхэ.

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | |

**5** Епл1анэ лэжьыгъэм ифтхэжа псалъэр зыхэт къуажэхьыр фигу къэвгъэк1ыж. Фэри къазым теухуа къуажэхь фхуэзэхэлъхьэмэ феплъ.

______________________________________

______________________________________

Зыгъэхьэзырар
*БЕКЪАН Масирэтщ*
masirat-bekanova@mail.ru

НУР ЦІЫКІУРАШ






***МЭКЪУАУЭ Каринэ,*** Анзорей къу., 2-нэ классыр къыухащ. «Дыгъэпс къалэм» сабий творчествэмкӀэ и Академием зыщегъасэ. **Математикэ, урысыбзэ, инджылызыбзэ зэхьэзэхуэхэм щытекӀуащ!** Лъэпкъ ӀэщӀагъэхэм, сурэт щӀыным дехьэх.



ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ
ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ
«НУР»

Издается
С 1 января 1982 года
№ 8 2017 г.

Учредители:

Министерство культуры КБР
Общественная организация
«Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
Б. М. АБРОКОВА

Редколлегия:
Х. КАРМОКОВ
А. КАРМОВА
Е. ТХАМОКОВА
Х. ТИМИЖЕВ
П. ХАТУЕВ

Художественный редактор
М. ХАЛИЛОВА

Набор и вёрстка
Н. РАСТОРГУЕВОЙ

Свидетельство о регистрации
№ ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
27.07. 2017 г.
Выход в свет 28.08. 2017 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Firenight, beer money, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2530 экз.
Заказ № 117
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
nur.kbr1982@yandex.ru

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР – Медиа». Дом печати.

Отпечатано в типографии
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.